




Pran Vaksen M



**Mwen vle pwoteje tèt mwen
ak moun ki bò kote m yo
pou yo pa malad.**




**Yon vaksen se yon
medikaman ki pwoteje
moun pou yo pa malad.**




**Pafwa ou bezwen yon sèl
vaksen sèlman pa ane,
pafwa ou bezwen plis selon
vaksen an.**

Pran Vaksen M



**Mwen ka pran yon vaksen nan
nenpòt famasi, kay doktè oswa
nan klinik.**




**M ap antre nan biling lan epi
m ap bay non m, anivèsè
nesans mwen pou m anregistre,
epi reponn kesyon asistan an
poze.**



**Fanmi m ka ede m anregistre.
Yon asistan ap montre m ki
kote pou m ale. Mwen prale
avèk asistan an ak fanmi m.**


Pran Vaksen M



Asistan yo ka abiye avèk blouz, gan, epi mask.




**Menm si m pa ka wè figi yo,
asistan yo kontan anpil pou
yo wè m.**




**M ap twouse manch mwen
oswa m ap wete djakèt
mwen lè tou pa m rive.**


Pran Vaksen M



**Mwen pral chita sou yon chèz.
Mwen pral eseye rete san
bouje.**




**Yon enfimyè pral ban m piki a.
Mwen ta ka santi yon ti zongle
lè zegwi a antre nan bra m.**



**Enfimyè a pral mete yon ti
pansman sou bra m.**

Pran Vaksen M



Fanmi m pral kontan anpil paske m ap anpeche tèt mwen malad.



Yo ka mande m pou m tann 15 minit apre vaksen m lan. Mwen ka anmezi pou m ale apre piki m lan.



Mwen ka kontinye asire sekirite pa m ak sekirite lòt moun yo lè m lave men m. Mwen fyè de tèt mwen paske m pran yon vaksen.

